



## LALWA

**Nou pral chèche byen konprann ki kote lalwa soti, kisa lalwa ye? Èske lalwa te egziste depi nan kòmansman an? Pou kisa lalwa? Elatriye. Ebyen, Pawòl Bondye a, eksplike byen klè ki kote lalwa soti. Men sa pawòl la di:**

**Kèlkeswa moun ki peche dezobeyi lalwa, peche se dezobeyisans ak lalwa.** [1 Jan 3 : 4](#)

**Tout moun konnen ke Satan se premye ki te peche** [\(Ezekyèl 28 : 14-15\)](#). **È ki kote'l te ye lè'l t'ap peche ya? Se nan syèl la'l te ye** [\(Ezayi 14: 12\)](#). **Si peche se dezobeyisans ak lalwa, e si Satan se premye ki te peche, se si e sèten ke te gen yon lwa nan syèl la ke Satan te dezobeyi.**

**Lè Bondye te fi-n kreye lèzòm, Li pa't vle pou'n te fè menm erè ak Satan, Li te mete yon lwa nan jaden an, kote'L te di Adan ak Èv pou yo pa manje fwi konesans byen ak mal lan osinon ya va mouri** [\(Jenèz 2: 17\)](#); **nou konn kijan sa te fini! Pavre? Jounen jodi a nou ka konprann ke vyolasyon lalwa te soti nan syèl la pou'l rive sou tè a. Sa vle di, peche te pran nesans depi nan syèl la.**

**Après peche, lèzòm te vi-n konplètman inyoran de sa ki byen ak sa ki mal. Menm jan ak Satan nou te resevwa yon nati ki pa dwat. Lè nou fè yon aksyon, nou pa gen okenn jijman ki pou fè'n konprann si nou gen tò oubyen si'n gen rezon. Dezobeyisans fè nou pèdi rezon, e se ensten k'ap dirije konpòtman nou yo. Erezman, Bondye te toujou gen nan plan Li pou'L vi-n reaprann nou obeyisans, non sèlman pou'n ka diferansye sa ki byen ak sa ki mal, men esansyèlman pou'n ka chwazi fè sa ki byen an. Se konsa Bondye t'a pral remete konesans verite nan kè lòm nan, yon fason pou'n ka idantifye diferans ki egziste ant sa ki byen ak sa ki mal. Pou Bondye rive fè sa, Li vi-n ak yon glas, e'L mete glas la kanpe devan nou pou'n ka gade tèt nou byen gade. Glas sa a pa lòt bagay ke lalwa. Lè yon moun gade tèt li nan glas, li wè egzakteman ak kisa figi'l sanble. Tande sa Jak te di :**

<sup>23</sup> ..., lè yon moun tande pawòl la, e'l pa fè sa pawòl la mande pou'l fè a, moun sa a sanble ak yon moun ki gade figi'l nan glas.<sup>24</sup> e, kote'l fi-n gade'l la, l'ale, e'l bliye ak kisa'l te sanble.<sup>25</sup> Men, sila ki fikse je'l sou lalwa ki pafè lalwa ki bay libète a, e ki t'a va pèsevere, si'l pa yon moun ki bliye vit, men ki fè travay pou'l fè a, moun sa a va jwenn benediksyon nan sa l'ap fè. [Jak 1 : 23-25](#)

**Lalwa se te premye pawòl ki te ekri ak dwèt Bondye** [\(Ekzòd 24 :12 ; 31 :18\)](#). **Lalwa se glas sa a ke Bondye te bay Moyiz pou Moyiz te ka mete devan pèp la, pou pèp la te ka wè ak kisa figi'l sanble. Men sa Apot Pòl te di:**

<sup>7</sup> ... se lalwa ki fè'm konnen ke'm peche : paske m'pa t'ap janm konnen kisa ki anvi, si lalwa pa't di : ou pa dwe janm anvi. [Romen 7 : 7](#)

**Lalwa se yon pwojektè ki montre peche nou yo a klè. San lalwa peche pa t'ap egziste. Se lalwa ki pèmèt ke konsyans nou kapab jije nou. Lè pa egzanzp nou fè yon zak malonèt. Tankou, pran yon bagay ki pa pou nou. Si nou pa konn kòmmandman ki di ke nou pa gen dwa janm vòlè a, konsyans nou pap di'n anyen, paske pa gen anyen ki di nou ke sa'n fè a pa bon. Men si'w okouran de lwa ki di ke'w pa gen dwa janm vòlè a, e ou fè'l kanmèm, lè sa a ou aji an konesans de koz, e'w bay konsyans ou otorizasyon pou'l jije'w e pou'l kondane'w. Se sa'k fè avan lalwa, lè yon moun vòlè li pa't ni byen ni mal. Moun nan te jis fè yon aksyon. Se menm jan an avèk bèt yo, jouk jounen jodi a, yo pa gen konsyans de aksyon yo. Kòm plan Bondye se pou'L fè nou pase de eta animal a eta espiyèl, Li te entrodwi lalwa ki ta pral pèmèt nou wè nan ki eta nou ye. Se vre ke'w ka wè nan ki eta figi'w ye nan yon glas, men glas la pa kapab lave figi'w pou ou. W'ap bezwen dlo pou'w lave figi'w. Tande, lè'w fi-n gade nan ki eta figi'w ye, w'ap bezwen Jezi-Kris ki se bon jan dlo pwòp pou'w lave figi'w** [\(Ezekyèl 36: 25\)](#): **Pawòl la di;** <sup>20</sup> **Pa gen pèsòn k'ap ka parèt jis devan'L avèk zèv lalwa. Paske se lalwa ki fè nou konnen ke nou peche.** [Romen 3: 20](#)

**Lalwa se mwayen ke Bondye te itilize pou'L te revele bay lèzòm kisa ak kiyès Li ye. Lalwa te vi-n revele bannou ki distans ki separe nou menm ak Bondye. Lalwa te vi-n fè'n konprann ak ki je ke Bondye Li menm Li wè nou. Bondye vle pou nou konnen pou ki rezon Li vi-n ak lalwa, Li di ke'l pa't bay lalwa pou moun ki jis, men pou pechè; tande sa:**

<sup>9</sup> **konnen ke lalwa pa fèt pou moun ki jis, men pou rebèl ak dezobeyisan, pou moun ki pa relijye ak pechè, pou monden ak pwofa-n, pou moun k'ap touye papa e moun k'ap touye manman yo, pou kriminèl,**

<sup>10</sup> **pou devègonde, pou moun k'ap fè salte avèk moun nan mond sa a, pou moun k'ap vòlè moun, pou mantè, pou moun k'ap sèmante pou twonpe, e kèlkeswa lòt bagay ki kontrè ak doktri'n ki sen an ;** [1 Timote 1 : 9-10](#)



Tout sa nou te konn ap fè te opoze ak doktri-n ki sen yo. Konsyans nou te bouche. Nou pa't ka konprann nan ki eta nou te ye. Bondye nan amou Li te vi-n ak lalwa kòm yon zouti k'ap vi-n reveye konsyans nou. Yon zouti ki pral pèmèt ke nou rekòmanse ap jije aksyon nou yo. Konsa, te vi-n gen yon seri de moun, ki kòmanse ap ekate kò yo nan sa ki mal. Ebyen lefèt ke lèzòm kòmanse gen konsyans de eta yo, sa t'a pral louvri pòt pou Satan kòmanse ak travay akizasyon'l yo. Satan konnen ke lalwa kondane peche nou yo <sup>(Romen 6 : 23)</sup>. Li konnen ke pa gen yon moun, pa menm yon sèl ki ka obsève lalwa <sup>(Romen 3 : 10-20)</sup>. A chak fwa yon moun peche, li pran lwa ki kondane moun sa a, e'l pote'l bay Bondye, e'l reklame nanm moun sa a kòm yon nanm ki mouri.

Bondye vi-n gen yon gwo defi nan men Li, kote Li vle sove pitit li yo san'L pa touche lalwa ki sen e ki san tach la. Kisa Bondye pral fè pou'L anpeche ke pitit li yo tonbe anba kondanasyon lalwa. Annou li pasaj sa a, ki pral eksplike nou ki plan Bondye te genyen pou'L jistifye pitit Li yo devan lalwa ki kondane yo a :

..., si dezobeyisans yon sèl moun te lakoz anpil lòt fèt nan peche, konsa obeyisans yon sèl la va lakoz anpil lòt vin jis. <sup>Romen 5 : 19</sup>

Plan Bondye se pou'L entrodwi sèl pitit Li a nan sèn nan, kote Jezi t'a pral gen pou misyon pou'L reyisi kote Adan te echwe a. Obeyisans se sa Bondye vle reaprann nou. Li voye sèl Pitit li a, pou vi-n montre nou kòman pou'n rive rete obeyisan ak Papa a, menm lè ke n'ap viv nan yon kò peche. Lalwa ki jis la, lalwa ki sen an kondane peche a mò. Pa gen mwayen pou Bondye tounen sou pawòl Li. Senyè ya pa konn fè erè. Li kondane tout sa n'ap fè. Li ekri'l e'L siyen dèyè'l. Men, Bondye vle fè nou konprann ke si'n leve je nou gade Jezi, n'a va wè ki chemen pou'n pran pou'n evite lanmò. Tande sa:

<sup>23</sup> Paske tout moun peche e yo paka wè ak glwa Bondye.<sup>24</sup> Pou granmèsi yo te jistifye pa gras Li ki soti nan delivrans ki nan Jezi-Kris.<sup>25</sup> Se li menm ke Bondye te chwazi, avèk san Li, pou'L te vi-n pou sila ki va kwè yo, yon viktim ki efase kòlè, yon fason pou Bondye ka montre jistis Li, paske'L pa't bay pinisyon pou peche ki te fèt nan tan pase yo, nan moman pasyans Li, pouke, jan'm di a,<sup>26</sup> Li ka montre jistis Li nan tan prezan an, yon fason pou'L ka jis pandan ke L'ap jistifye moun ki gen lafwa nan Jezi. <sup>Romen 3: 23-26</sup>

Tout jistis Bondye yo te pase sou Jezi. Se te misyon pa'L sa pou'L pa't kite lalwa kondane nou. Lè Bondye pale, sa'L di a ap fèt kanmèm. Si Jezi te kite lalwa akonpli sou nou, nou t'ap mouri pou toutan. Olye ke lalwa akonpli sou nou, li akonpli sou Jezi. Tout kòlè Bondye yo te tonbe sou Kris la, pou'L te ka sove nou anba lanmò. Se sa'k fè, lè Senyè a t'ap mouri sou kwa a, Li te di Papa padone yo, yo pa konn kisa y'ap fè. Kris la konnen ke nou pa't gen konsyans de aksyon nou yo. Li konnen ke lalwa Papa a kondane nou. Li konnen ke sèl fason pou Bondye bliye ofans nou yo, se lè pawòl Li yo akonpli. Nou pa t'ap janmè resevwa padon Bondye si pawòl Li yo pa't jwenn yon fason pou yo reyalize. Kris la pran peche nou yo. Kòlè Bondye tonbe sou Li. Depi lè sa a tout lalwa te akonpli. Tande!

Yon fè ki akonpli, se yon fè ki reyalize. Yon misyon akonpli, se yon misyon ki fini. Yon travay akonpli, se yon travay ki pran fen. Sa pa vle di ke travay ki fi-n fèt la pa bon, li senpleman fini. Jezi di nan pawòl Li ke'L pa vi-n pou'L aboli lalwa men'L vi-n pou'L akonpli'l <sup>(Matye 5:17)</sup>. Yon lwa ki akonpli se yon lwa ki fi-n fè travay li. Le fèt ke lalwa fi-n fè travay li, pa vle di ke lalwa pa bon ou byen pa jis, non! Li senpleman fi-n fè travay li. Lalwa te vi-n pou'l jije ak kondane nou. Jezi pran tout jijman ak tout kondanasyon nou yo pou nou. Depi lè sa a travay lalwa kanpe la, li akonpli, li fini. Sa lalwa te vi-n fè a, fèt sou Jezi. Misyon akonpli!

Menm lè tout moun dakò ke si gen yon lwa ki akonpli, lwa sa a fini; gen kanmèm lòt group relijye ki rete kwè ke se pa tout lwa ki egziste ke Kris te akonpli a. Gen relijyon ki fè konprann, ke di kòmandman yo pa tonbe nan kategori lwa sa yo. Bib la pa janm di sa. Men, yo menm relijye sa yo, fè konprann ke Lalwa divize ant lalwa moral (lalwa Bondye) ak lalwa seremonyèl (lalwa Moyiz). Daprè yo menm, relijye sa yo, lalwa moral reprezante di kòmandman Bondye yo, e lalwa seremonyèl reprezante tout òdonans, tout lwa sou manje ak bwè, tout sakrifis, tout tradisyon, ak tout lòt saba ak fèt seremonyèl ki te konn aplike nan tan pase pa pèp izrayèl la. Lwa seremonyèl sa yo, se yo menm ke Advantis yo pli patikilyèman di ke Jezi te vi-n akonpli a. Pou yo menm Advantis yo, lwa sa yo fini, yo pa gen plas yo ankò paske Jezi kloure yo sou kwa a. Men lwa moral la, ki se di kòmandman yo, rete entak. Kesyon an se..., èske Bib la tonbe dakò avèk deklarasyon sa yo?

Avan Jezi te remèt Espri'L bay Bondye Papa a, Li te di yon pawòl ke tout limanite sonje, Li di : tout bagay fini <sup>(Jan 19 : 30)</sup>. Men nou menm relijye yo, nou deklare ke se yon pòsyon ki fini an, ke se pa tout. Nou di ke se de lalwa seremonyèl ke Kris la t'ap pale, men se pa de tout lalwa.



Nan Matye 5, lè Kris la t'ap pale de misyon ke Bondye Papa a te ba Li a, Li pa't janm anonse ke lalwa ke'L t'a pral akonpli an, se te yon lwa patikilye ke yo te rele lwa seremonyèl, men Li te pale de lalwa. Annal gade ansanm pou'n wè de ki lwa ke Senyè a t'ap pale a :

Jezi di nan Matye 5 : 17 ke'L pa vi-n pou'L aboli lalwa ak pwofèt yo men'L vi-n pou'L akonpli yo. Mwen pa konnen si Matye te ekri tout sa Senyè a te di jou sa a, men mwen kapab di'w ke Matye te byen klè sou kesyon de ki lwa ke Jezi t'ap pale a. Nan Matye 5 : 21-22 ak Matye 5 : 27-28, rejis yo montre ke Kris la Li menm, te bay egzanp sou ki lwa ki t'a pral tonbe anba akonplisman L'an. Èske lwa sa yo, se lwa ki soti nan lalwa moral, oubyen se lwa ki soti nan lalwa seremonyèl? Annou li:

<sup>21</sup> Nou te tande ke yo te di ansyen yo: **Ou pa gen dwa janm touye.** Moun ki touye merite pini pa jij yo.<sup>22</sup> Men, mwen menm, mwen di nou: ... [Matye 5: 21-22](#)

<sup>27</sup> Nou te aprann ke yo te di: **Ou pa gen dwa janm fè adiltè.**<sup>28</sup> Men mwen menm, mwen di nou: Si yon nonm gade yon fi avèk anvè, li deja fè adiltè avè l' nan kè l'. [Matye 5: 27-28](#)

Pou moun k'ap di ke lwa ki akonpli a se lwa seremonyèl li ye a, kite'm raple nou ke kòmandman sa yo ki di ke'n **pa gen dwa janm touye ak pa gen dwa janm fè adiltè** a, se sizyèm ak setyèm kòmandman ki soti nan di kòmandman Bondye a; pou'm repete aprè nou, ki soti nan lalwa moral. Se de premye egzanp sa yo ke Kris la te pran, pou'L te montre nou kòman travay akonpli lalwa a pral opere.

Lalwa an jeneral te gen pou misyon pou'l te mennen pitit Bondye yo bay Jezi. Men sa Bib la di: ..., lalwa te tankou yon pwofesè k'ap mennen nou bay Kris. [Galat 3: 24](#)

Lè yon ti moun al lekòl, tout otan timoun sa a nan lekòl la, timoun sa a ap viv anba règleman lekòl la. Men kote timoun nan fè sa'l rantre lakay li, li pa anba règleman direktè ak pwofesè lekòl la ankò, men li anba règleman lakay li. Konprann byen, yon ayisyen k'ap viv nan yon lòt peyi, ap viv anba lwa peyi sa a, men si ayisyen sa a tounen lakay li, li pap anba lwa lòt peyi sa a ankò, men l'ap anba lalwa ayisyen. Aktyèlman limanite ap viv anba de lwa: lalwa Bondye Papa a, ak lalwa Kris la ([1 Korentyen 9: 21](#)). Lalwa Bondye Papa a te ekri pou tout moun k'ap viv nan peche yo, e'L kondane yo ([1 Timote 1: 9-10](#)), alòs ke lalwa Kris la te ekri pou moun ki vi-n yon nouvell kreyati ([Romen 8: 1-2](#)). Kèlkeswa moun k'ap viv anba lalwa ke Bondye te bay Moyiz yo, moun sa a pap viv anba lalwa Kris la. Moun sa a disparèt nan Kris ([2 Korentyen 3: 14-17](#)), paske li pa yon nouvell kreyati. Pwofesè a, ki se lalwa, pa mennen'l bay Kris la, li kenbe'l anba kòmandman'l yo. Men sa pawòl la di : ... Kris la se fin lalwa pou jistifikasyon tout moun ki kwè. [Romen 10: 4](#)

Lè yon moun nan Kris, lalwa ki te kondane'l la, pa gen pouvwa sou li. Li pa sou kontwòl pwofesè a ankò. Si'l ta fè yon fo pa, san Kris la ap jistifye'l. Pawòl la di: Sèt fwa moun ki jis la ap tonbe, men li pap rete atè l'ap leve. [Pwovèb 24: 16](#)

Apot Pòl di : <sup>1</sup>...pa gen okenn kondannasyon pou moun ki nan Jezi-Kris, moun ki pap mache selon lachè, men k'ap mache selon Espri a. <sup>2</sup>Paske lalwa Espri lavi ki nan Jezi-Kris la, te delivre'm anba **lalwa peche** ak **lalwa lanmò** an. [Romen 8 : 1-2](#)

Gen yon reyalyte Biblik, ki eksplike ke nan prezans Kris la, lalwa pa gen okenn pouvwa sou pitit Bondye yo ankò. Tande sa:

<sup>3</sup>Pwofesè lalwa yo ak farizyen yo te vi-n ak yon fanm yo te kenbe nan adiltè; e; yo mete'l kanpe nan mitan, <sup>4</sup>e yo di Jezi: Mèt, fanm sa a, nou sote sou li k'ap fè adiltè. <sup>5</sup>Moyiz nan lalwa, te bay lòd pou touye jan de moun sa yo anba kout wòch. Men, ou menm, kisa ou di nan sa? <sup>6</sup>Yo t'ap di sa, pou yo tante Li, yon fason pou yo te ka akize'L. Men, Jezi te bese, e avèk dwèt Li, Li t'ap ekri atè a, e'L fè tankou'L pa't tande yo. <sup>7</sup>Men, pandan yo t'ap kontinye kesyone'L. Jezi leve, e'L di yo: Se pou moun ki pa janm peche nan mitan nou la a, ba'l premye kout wòch la. <sup>8</sup>E Li bese ankò, Li t'ap ekri atè a. <sup>9</sup>**Lè yo tande sa, konsyans yo t'ap akize yo, yo retire kò yo youn pa youn, kòmanse ak sa'k te pi ansyen yo Jiska dènye yo. E Jezi te rete poukont Li, e fi a kanpe nan mitan.** <sup>10</sup>Lè Jezi leve, Li pa wè pèsòn, sèlman fi a, Jezi di li, fanm, kote moun ki t'ap akize'w yo? Pa genyen ki kondane'w? <sup>11</sup>Li reponn, pèsòn non, Senyè. E Jezi di li, ni mwen menm tou mwen pa kondane'w : ale, pa peche ankò. [Jan 8: 3-11](#)

Nou pa konprann! "Nanpwen okenn kondannasyon pou moun ki nan Jezi-Kris..." [Romen 8: 1](#)

Men yon fi ke lalwa kondane, fi a devan pye Senyè a, e lavi'l depann de sa Senyè a di. Kris la leve je'L e'L gade mechan yo, Li di yo nan prezans mwen pa gen lwa ki ka kondane pèsòn. Mwen se fin lalwa pou jistifikasyon tout moun ki kwè [Romen 10: 4](#). Si se pa't sa, Mwen



t'ap mete nou tout kouche atè, e nan kòlè Mwen, Mwen t'ap monte sou pil ròch Mwen, pou'M kalonnen nou, paske nou tout se yon bann adiltè kondane pa lalwa. Men jistis Bondye te gen pou'L akonpli kanmèm. Lè Bondye pale, wè pa wè, sa'L di yo ap fèt. Lalwa ranmase tout kòlè Bondye yo pou'l touye nou. Men Jezi nan mizèrikòd Li di Papa non! Non! M'ap aksepte mouri nan plas yo. Kite kòlè'w yo tonbe sou mwen pito. Kite jistis lalwa ou yo akonpli sou mwen. E tout moun ki va kwè nan mwen yo, tout moun k'ap vi-n obeyisan menm jan ak mwen yo va sove. Kris la leve je'L, Li gade syèl la, Li di Papa, tout bagay fini ! Lalwa akonpli sou Kris la, kòlè Bondye yo tonbe sou Kris la, jistis Bondye pase sou Kris la.

Se nan jou sa a ke jijman Satan te prononse. Se nan jou sa a ke Satan pèdi tout aksè nan syèl la. Li paka akize pitit Bondye yo ankò. Misyon lalwa se pou'l jije e kondane a mò, Jezi pran jijman ak kondanasyon yo sou kwa a, apre twa jou Li leve byen vivan. Li pote viktwa sou lanmò. Dezòmè pa gen okenn kondanasyon pou moun ki kwè nan Jezi-Kris. Pwoblèm lanmò an solisyon. Si Satan t'a vi-n ak yon akizasyon kont pitit Bondye yo, Bondye t'ap di : wete'w la Satan! Disparèt ou devan'm nan. Mwen pa an kolè ankò. Tout kòlè'M yo akonpli sou Kris la. Jezi se fen de tout akizasyon, fen de tout kondanasyon.

Aprè viktwa Kris la sou lanmò, te gen yon sèl gwo batay nan syèl la, kote Bondye Papa a te bay lòd pou chase Satan nan syèl la pou tout tan; annou li:

<sup>7</sup> Lè sa a te gen gè nan syèl la: Michèl ak zanj li yo t'ap batay kont dragon an. E dragon an ak zanj li yo t'ap batay ;

<sup>8</sup> men, se pa yo menm ki te pi fò, e yo pa't gen plas yo nan syèl la ankò.<sup>9</sup> E yo voye gwo dragon an jete deyò, sèpan ansyen an, non li se diab la ak Satan, se li menm k'ap twonpe tout mond lan: Yo voye'l jete sou latè ansanm ak tout zanj li yo.<sup>10</sup> E mwen tande yon gwo vwa nan syèl la ki t'ap di: Kounye a, delivrans lan rive, ak pwisans, ak wayom Bondye nou an, e pouvwa Kris la: Paske yo voye sila k'ap akize frè nou yo jete deyò, li menm k'ap akize yo devan Bondye, lajounen kou lannwit. <sup>11</sup> E yo te gen viktwa akòz de san mouton an e akòz de pawòl temwayaj yo, e yo pa't renmen vi yo pou yo ta pè lanmò. [Revelasyon 12: 7-11](#)

Men ou menm ki vle rete anba lalwa, se nan Kris ke'w disparèt. Ou menm k'ap separe lwa Bondye yo an lwa seremonyèl, pasyèl, sikonstansyèl, kondisyonèl yo, fèt atansyon!

Lè se Moyiz ki ekri yon pawòl ki kontredi entèpretasyon'n yo, nou di se lalwa Moyiz ki di. Lè se Apot Pòl ki ekri yon pawòl ki pa ale nan sans entèpretasyon nou yo, nou di se Pòl ki di. Bondye di nan Jan 15: 16 **ke se pa nou menm ki chwazi'L, men se Li menm ki chwazi nou...** Pawòl la di ankò nan 2 Timote 3: 16-17 ke tout ekriti soti nan enspirasyon Bondye...; Men ou menm ou asime ke gen pawòl nan Bib la ki pa sot nan Bondye. Fòm di'w byen, ke m'pa ta janm renmen nan plas ou. Bouch mwen t'ap tranble anpil anba yon deklarasyon konsa. **Tande, inyorans yon moun pa kondane'l devan Bondye, men inyorans ka mennen'w nan kondanasyon etènèl.** Amèn!